

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Wawacan Samaun mangrupa karya sastra buhun. *Wawacan Samaun* ngabogaan struktur pangwangun carita jeung pupuh anu bisa dianalisis sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

Wawacan Samaun nyaritakeun tokoh Samaun. Samaun nya éta budak ahéng anu ti barang lahir geus bisa leumpang jeung nyarita. Samaun iman ka Allah jeung ka Rasulullah. Manéhna maéhan jalma-jalma anu ngagunasika ka Nabi. Manéhna ngislamkeun jalma-jalma kapir, kaasup indung bapana. Waktu Samaun umur genep bulan, kakuatanana geus nandingan nu umur genep belas taun. Manéhna jadi pamingpin perang waktu ngalawan kapir. Manéhna bisa maéhan jalma kapir anu jumlahna mangketi-keti.

Struktur carita *Wawacan Samaun* ngawengku fakta carita, nya éta palaku, galur, jeung latar. Palaku anu aya dina *Wawacan Samaun* kabagi kana tilu bagian nya éta palaku utama, palaku kadua anu marengan jeung anu jadi lawan palaku utama, jeung palaku tambahan.

Palaku utama dina *Wawacan Samaun* nya éta Samaun, lantaran tokoh Samaun anu nyekel peran utama ti awal nepi ka ahir. Masalah atawa kajadian dina carita téh museur ka Samaun, sanajan aya masalah anu lain masalah manéhna wungkul. Anu jadi palaku kadua nya éta Ki Halid (bapana Samaun), Siti Hunah (indungna Samaun), Abu Jahal, Patih Sarakah, Raja Qinwan, Ki Naim, Raja Qobti, Siti Mariyah, Ki Barid, Kaum Ansor jeung Muhajir (Halid, Said, Saad,

Malik, Jubér, Saad Putra Waqob, jeung Abdullah), Siti Aisyah, Ki Dalil, Ki Murtad, Patih Saad, jeung Bagénda Ali. Sedengkeun nu jadi palaku tambahan nya éta Ki Iswan, istri anu aya di imah Abu Jahal, putri (anak Abu Jahal), Ki Bilal, pamajikan Raja Qobti, jeung Ki Harob. Ieu kalungguhan jeung pentingna peran téh katitén tina mindeng henteuna palaku muncul dina carita.

Galur anu dipaké dina *Wawacan Samaun* nya éta galur mérélé, sabab runtuyan caritana ngaguluyur, dimimitian ku mangkat carita kalawan ngawanohkeun heula palaku jeung ngawanohkeun ngaran tempat, tuluy ditéma ku rupa-rupa kajadian nepi ka pungkasna carita. Sacara gurat badag, galur dina *Wawacan Samaun* kabagi kana 2 épisode. Épisode I, nyaritakeun ngeunaan Samaun di nagara Mekah, ngalawan kaum kapir Kurés, sedengkeun épisode II, nyaritakeun Samaun jeung mumin anu perang ngalawan kaum kapir Su'aro.

Latar anu aya dina *Wawacan Samaun* nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar suasana. Latar tempat dina *Wawacan Samaun* dibagi jadi opat lokasi, nya éta nagara Mekah, nagara Iskandar, nagara Madinah, jeung nagara Su'aro. Latar tempat di nagara Mekah nya éta imah Ki Halid, buruan, pajuaran, kebon, pakuan, jeung imah Abu Jahal. Sedengkeun, latar tempat di nagara Su'aro nya éta leuweung, wahangan, pasangrahan, leuweung kai, gunung, tegal, paséban, jeung kuta beusi. Latar waktu dina *Wawacan Samaun* dibagi jadi dua, nya éta titimangsa jeung lilana. Anu kaasup kana titimangsa nya éta peuting, subuh, duhur, magrib, jeung baheula. Sedengkeun, anu kaasup kana lilana nya éta sabulan tujuh peuting, ti subuh tepi ka magrib, tilu peuting, sabulan opat peuting, tilu poé, jeung dua peuting. Suasana anu kagambar dina *Wawacan Samaun* nya

éta suasana bingung, nalangsa, senang, ati-ati, reuwas, jeung keueung sadia rék perang.

Pupuh anu digunakeun dina *Wawacan Samaun* aya 9, nya éta Asmarandana (11,7%), Dangdanggula (5,9%), Durma (12,5%), Kinanti (13,8%), Magatru (11,2%), Mijil (11,2%), Pangkur (12%), Pucung (5,9%), jeung Sinom (15,8%). Pupuh anu pangmindengna dipaké nya éta Sinom (15,8%).

Sanggeus nganalisis pupuh anu aya dina naskah, kaungkab ayana guru wilangan, guru lagu, jeung watek/karakteristik anu teu saluyu jeung katangtuan. Tapi éta kateusaluyuan téh teu salilana dianggap hiji kasalahan, lantaran pangarang ngabogaan patokan sorangan dina nyieun karanganna.

Hasil analisis, *Wawacan Samaun* bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA dumasar kana kritéria milih jeung nangtukeun bahan anu disaluyukeun jeung SKKD, hususna dina aspék maca carita buhun.

5.2 Rékomendasi

Sanggeus nalungtik struktur katut pupuh nu aya dina naskah *Wawacan Samaun*, aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun minangka saran.

- 1) Naskah-naskah Sunda anu aya di masarakat, kudu ditalungtik sangkan leuwih jero nyangkem ngeunaan mangpaat naskah pikeun urang hususna salaku urang Sunda;
- 2) Pikeun lembaga atikan, ieu wawacan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA, hususna dina aspék maca carita buhun;

- 3) Pikeun mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan acuan dina ngayakeun panalungtikan anu leuwih jembar, henteu ngan saukur nyusun transliterasi jeung nganalisis struktur katut pupuhna wungkul; jeung
- 4) Pikeun lembaga-lembaga kabudayaan, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun lawang pamuka dina ngariksa hasil karya sastra titinggal karuhun, sangkan masarakat mangsa kiwari jeung nu bakal datang henteu pareumeun obor kana karya sastra buhun.

